Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 4.5 MILYON DOLA POU FINANSE SÈVIS POU TIMOUN AK JÈN K AP VIV AK MALADI MANTAL

Finansman eta pral etabli 10 Ekip Tretman Kominotè Entansif pou Jèn pou bay sèvis pou timoun ki gen pwoblèm emosyonèl grav

Yo anonse sibvansyon finansman yo pandan Semèn Sansibilizasyon sou Sante Mantal Timoun yo nan Eta Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke leta a te akòde 4.5 milyon dola nan finansman pou etabli 10 nouvo ekip Tretman Kominotè Entansif pou Jèn (Youth Assertive Community Treatment, Youth ACT), ki gen ladan senk nan vil Nouyòk, de nan Long Island ak twa nan zòn ki nan nò zòn metwopolitèn nan. Administre pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a, nouvo ekip miltidisiplinè yo pral sipòte 360 jèn anplis ki gen gwo pwoblèm emosyonèl ki gen risk swa pou yo antre, oswa k ap retounen lakay yo soti nan sèvis entans, tankou anviwònman pasyan ki entène oswa sèvis rezidansyèl yo.

"Timoun ak jèn k ap viv ak maladi mantal pafwa bezwen plis swen pou yo rete lakay yo oswa pou yo retounen nan kominote a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspansyon pwogram Youth ACT nou an pral ede bay plis fanmi sipò esansyèl sa a ak sèvis yo ka konte sou yo pou mennen pitit yo lakay apre swen entène oswa nan yon etablisman rezidansyèl."
OMH te bay 450,000 dola nan finansman demaraj yon sèl fwa a 10 founisè sèvis pou etabli nouvo ekip yo, epi chak ekip ap sèvi jiska 36 timoun ki gen ant 10 ak 21 an. Benefisyè prim yo enkli:

- Access Supports for Living Inc., k ap sèvi Konte Westchester
- Charles Evans Center, k ap sèvi Konte Nassau
- Central Nassau Guidance and Counseling, k ap sèvi Konte Suffolk
- Children's Home of Wyoming Conference, k ap sèvi Konte Chenango
- Interborough Developmental & Consultation Center, k ap sèvi Brooklyn
- The Child Center of NY, de ekip k ap sèvi Manhattan ak Queens
- Jewish Child Care Association of NY, k ap sèvi Bronx la
- Child and Family Services of Erie Count (Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Konte Erie), k ap sèvi Konte Erie

- Richmond University Medical Center (Sant Medikal Inivèsite Richmond), k ap sèvi Staten Island

Anplis anonse prim yo, Gouvènè Hochul te pibliye yon pwoklamasyon tou ki deziyen Semèn Sansibilizasyon sou Sante Mantal Timoun nan Eta Nouyòk. Yo te prezante pwoklamasyon an semèn sa a pandan selebrasyon anyèl 'What's Great in Our State' (Sa ki bon nan eta nou an) pou sante mantal timoun yo nan Albany, ki rekonèt moun ak pwogram ki reyisi fè pwogrè nan koz sante mantal timoun yo.

Avèk premye ekip yo ki te etabli an 2022, Nouyòk te premye eta nasyonalman ki te adapte modèl Tretman Kominotè Entansif la ak siksè pou sèvi jèn ak jèn adilt yo. Kounye a, eta a gen 20 ekip ACT pou jèn yo nan 27 konte, k ap bay sèvis tankou terapi pou jèn ak fanmi, jesyon medikaman, sipò pou fanmi ak lòt moun, ak devlopman konpetans.

Komisè Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH), Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Pwogram ACT pou jèn Nouyòk la se yon kokenn chenn adaptasyon inik nan peyi a nan yon modèl ki te pwouve li gen anpil siksè ak granmoun k ap viv ak maladi mantal. Lè nou ajoute ekip nan tout eta a, nou ka ede plis jèn ak fanmi yo jwenn aksè ak swen ak sipò yo ka itilize pou viv ak pwospere nan kominote yo a. Ekspansyon pwogram siksè sa a demontre angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou elaji aksè ak swen sante mantal nan tout eta nou an."

Ekip ACT pou jèn yo gen ladan yo klinisyen sante mantal ak preskriptè sikyatrik, defansè kòlèg, ak anplwaye sipò klinik, ki ofri sipò 24 sou 24, sèt jou pa semèn. Ekip sa yo konsantre sou ranfòse oswa amelyore pwoblèm fonksyonèl enpòtan ak sentòm grav ke jèn yo genyen akòz maladi mantal oswa twoub emosyonèl grav.

Entèvansyon klinik ak reyabilitasyon yo konsantre tou sou amelyore fonksyònman fanmi an pou ankouraje byennèt, estabilite ak reyentegrasyon. Yo bay sèvis yo avèk yon apwòch ki santre sou fanmi an, gide pa jèn yo, epi ki apwopriye pou devlopman yo, ki adrese bezwen jèn yo globalman.

Sipò Gouvènè Hochul pou sante mantal jèn yo lakòz gwo envestisman nan sèvis ak sipò pou jèn yo, ansanm ak lejislasyon ki pi enpòtan nan peyi a pou adrese sekirite sou entènèt. Inisyativ sante mantal li a ki vo 1 milya dola ansanm ak Bidjè Ane Fiskal 2025 la te elaji anpil aksè ak swen sante mantal epi li bay resous pou jèn yo ak fanmi yo.

Ane pase, Gouvènè Hochul te etabli Konsèy Konsiltatif pou Sante Mantal Jèn yo, yon konsèy konsiltatif ki gen 30 manm ki gen ladann jèn ki gen laj ant 11 ak 17 an. Konsèy konsiltatif la reyini chak trimès epi li fèt pou asire ke pi bon pratik ki enfòme jèn yo kontinye enkòpore nan devlopman pwogram ak politik sante konpòtmantal yo.

Kounye a, Nouyòk sipòte plis pase 1,200 klinik satelit sante mantal ki baze nan lekòl pou bay sèvis sante mantal nan distri yo nan tout eta a. Klinik sa yo pote yon founisè

swen sante mantal ki gen lisans nan kanpis lekòl yo, sa ki pèmèt elèv yo jwenn aksè ak sèvis sa yo nan yon anviwònman familye san estigma.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, eta a te elaji anpil HealthySteps, yon pwogram inovan ki sipòte jèn fanmi yo ak swen kalite siperyè pou devlopman sante mantal ak fizik pou timoun 3 zan oswa pi piti. Kounye a, Nouyòk sipòte 125 sit nan 35 konte nan tout eta a.

Anplis de sa, eta a kontinye elaji ekip Entèvansyon nan Kriz Adomisil yo, ki bay sèvis sante mantal esansyèl pou timoun ak jèn ki gen risk yo sèvis sante mantal epi ede yo evite entène nan lopital sikyatrik. Kounye a, eta finanse 55 ekip, ki gen kapasite pou ede 3,500 fanmi chak ane.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kowalisyon Eta Nouyòk pou Sante Konpòtmantal Timoun yo, Kayleigh Zaloga, te deklare, "Pwogram ACT pou Jèn Nouyòk la jwe yon wòl enpòtan nan kontinite sèvis sante mantal pou adolesan ak fanmi yo, sa ki pèmèt plizyè santèn jèn ki gen gwo bezwen sante mantal rete oswa reyentegre nan fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo. Apwòch ekip miltidisiplinè a ofri fanmi yo sipò yo bezwen lè yo bezwen li, li bay terapi entansif adomisil, sipò ant jèn yo, jesyon medikaman, ak entèvansyon nan kriz ki santre sou objektif chak jèn moun. Travay sa a pa sèlman estabilize jèn yo ak fanmi yo a akoutèm, men tou li ede yo devlope konpetans, rezistans, ak koneksyon kominotè ki nesesè pou yo reyisi rive nan laj adilt"

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU